




**Туўылған жер ырғаклары**




**Алпысбай Султанов(Али Султан).**

**ҚАРАҚАЛПАҒЫМ**

**Бабам кара бөрик кийген ,**
**Арғы атам Маман бийден,**
**Көзлериме ысық түймең,**
**Қәстерлеген өз қалпағын,**
**Елсең сен, Қарақалпағым.**

**Патшаларға нөкер болған,**
**Сөз сөйлеп көрмеген жалған ,**
**Әжинияз, Бердақтан қалған -**
**Сыйлаған қарақалпағын,**
**Журтсаң сен, Қарақалпағым.**

**Жәннет мәкан сахра-көли,**
**Айдос, Ерназардың ели,**
**Аллаярдың туўған жери-**
**Бек тутқан уллы қалпағын,**
**Саў бол сен, Қарақалпағым.**

**Даңқыңды шығарып бетер,**
**Ағын суў Аралға жетер,**
**Абыройың жулдыздан өтер,**
**Жойтпаған уллы қалпағын,**
**Жасайбер, Қарақалпағым.**




*Алпысбай Султанов.*

# *ЎАТАН*

***Сен мениң аспадәстаным-Ўатан,***
***Басқа мәкан жоқ,***
***Сен мениң дәстаңыным-Ўатан,***
***Өзге жәҳән жоқ,***
***Сен мениң жулдызым-Ўатан,***
***Сенсиз жақты жоқ,***
***Сен мениң күндизим-Ўатан,***
***Қәлбимде жаңған шоқ.***
***Нақыраты***
***Жүрсем алысларда сағынарым-Сен,***
***Әрман еткен Кабам-табынарым-Сен,***
***Көксиме қол қойып,бағынарым-Сен,***
***Бул пәний дүньяда намыс-арым-Сен.***

***Сен мениң жүрегим- Ўатан,***
***Сенсиз қаным жоқ,***
***Сен мениң тирегим- Ўатан,***
***Аяр жаным жоқ,***
***Сен мениң бахытым- Ўатан,***
***Мен сениң балаң,***
***Сен тажы-тахтым- Ўатан,***
***Қулласы калам.***

## *ЎАТАН*

*Сен мениң аспадәстаным-Ўатан,*
*Басқа мәкан жоқ,*
*Сен мениң дәстаңыным-Ўатан,*
*Өзге жәҳән жоқ,*
*Сен мениң жулдызым-Ўатан,*
*Сенсиз жақты жоқ,*
*Сен мениң күндизим-Ўатан,*
*Қәлбимде жаңған шоқ.*

***Нақыраты***

*Жүрсем алысларда сағынарым-Сен,*
*Әрман еткен Кабам-табынарым-Сен,*
*Көксиме қол қойып,бағынарым-Сен,*
*Бул пәний дүньяда намыс-арым-Сен.*

*Сен мениң жүрегим- Ўатан,*
*Сенсиз қаным жоқ,*
*Сен мениң тирегим- Ўатан,*
*Аяр жаным жоқ,*
*Сен мениң бахытым- Ўатан,*
*Мен сениң балаң,*
*Сен тажы-тахтым- Ўатан,*
*Қулласы калам.*

***Нақыраты***

*Жүрсем алысларда сағынарым-Сен,*
*Әрман еткен Кабам-табынарым-Сен,*
*Көксиме қол қойып,бағынарым-Сен,*
*Бул пәний дүньяда намыс-арым-Сен.*



***Алпысбай Султанов.***
***ҚАРАҚАЛПАҚСТАН***

*Ғайбар ана -Тумаристан жаралған,*
*Алтын Орда, ноғайлыдан таралған,*
*Түркий халыңдар дослығынан нәр алған,*
*Айтсаң ада болмас тарийхы дәстан,*
*Карақалпақстан, Қарақалпақстан.*

*Гөззал Әмиў бойы болған мәканы,*
*Қыр ҳәм жери толы байлықлар кәни,*
*Саҳрайы Туранның шәўкети-сәни,*
*Топырағы тотыя, жери гүлистан,*
*Карақалпақстан, Қарақалпақстан.*

*Сенде пахта, салы, мал ҳәм балық бар,*
*Дослық пенен жасар бәрше халықлар,*
*Әжинияз, Бердақтай пикири алықлар,*
*Кезге сүрме еткен о әзиз бостан,*
*Карақалпақстан, Қарақалпақстан.*

*Атың сениң дуйым журтқа тарады,*
*Абыройың күн сайын өсип барады,*
*Мустақил боп саған дәўран қарады,*
*Өзбек өз ағам деп уғынған бастан,*
*Карақалпақстан, Қарақалпақстан.*

## *ТОЙЛАРЫҢ МУБӘРЕК ГӨЗЗАЛ МӘКАНЫМ.*

*Шадлы нама шаршар Сыр-Әмиў бойын,*
*Бүгин үлкемизде заўықлы ойын,*
*Бул азат заманда мүбәрәк болсын,*
*Әй гөззал мәканым,бийгәрез тойың.*

*Сенде сулыўлардың нәзик назы бар,*
*Наўқыран жаслықтың бәхәр-жазы бар,*
*Ышқы мухәббеттиң өшпес дәураны,*
*Әжинияз,Бердақтың шерткен сазы бар.*

*Ел қадирин сен арқалы билгенмен,*
*Бахыт қушағында шадлы күлгенмен,*
*Уллы устазлардан тәлимлер алып,*
*Дослар менен қол усласып жүргенмен.*

*Азамат боп сенде мен камал таптым,*
*Бийгәрез ўатаным-шуғлалы жақтым,*
*Мүбәрек тойларың тойға уласcын,*
*Әй алтын диярым-мәңгилик бахтым.*

## *ГӨЗЗАЛ МӘКӘН-ҚАРАҚАЛПАҚСТАН.*

*Бийгәрез ўатаным,жерим гүлистан,*
*Тарийхы әпсана,әлемге дәстан,*
*Орта Азияда гүлленген бостан,*
*Жайна гөззал мәкән, Қарақалпақстан,*

*Адамзат көрмеген буныңдай жайды,*
*Алтын гүз үлкемде мүбәрек айды,*
*Елим деп, журтым деп халқы жасайды,*
*Жайна гөззал мәкан, Қарақалпақстан.*

*Алтын, газ ҳәм нефть байлықлар кәни,*
*Пахта, салы, бағыў-бақшалар тәни,*
*Сен жети ықлымның сымбаты-сәни,*
*Жайна гөззал мәкән Қарақалпақстан.*

## БОЗАТАЎ

*Бабам Әжинияздың күткен дәўраны,*
*Ақ қуўдай дизлисер пахта кәрўаны,*
*Бүгин ақша булытты сүйер қырманы,*
*Жеңислер мүбәрек елим Бозатаў.*

*Әзелден шарўасан, мың түлик малың,*
*Әмиўден суў ишип ырғалар салың,*
*Ҳадал мийнетиңниң татасаң палын,*
*Жайна, жасна гөззал дияр Бозатаў.*

*Боз жерге дийхан боп ақ бийдай ектиң,*
*Гүзли-бәҳәр тынбай маржан тер төктиқ,*
*Асқарына шықтың сен бәлент шектиң,*
*Табыслар көз айдын журтым Бозатаў.*

*Жигитлериң нағыз истиң сәрдары,*
*Қызлары доланған нәзәлим бәри,*
*Шарўа, дийханшылық кәсиби кәри,*
*Келешеги нурлы мәкан Бозатаў.*

*Бийғәрез бостанда тигилген отаў,*
*Гүллене бер жер жәннети Бозатаў.*

## *КЕГЕЙЛИ*

*Жаңабайдай палўан-шайыр жаратқан,*
*Косық пенен арыўларды қаратқан,*
*«Ақсүңгил»ди дуйым журтқа таратқан,*
*Қарақалпақта белли елсең Кегейли.*

*Атақлы Сейтнияз устаны көрген,*
*Қарақалпақ дуўтарына тил берген,*
*Жигитлер Сапалақ палўаиға ерген,*
*Баҳадырлар журты-елсең Кегейли.*

*Атызлары дөнген-гилемдей ғалы,*
*Сенде даңк, көтерген Бәкир.Мәталы,*
*Жериңде ырғалар пахта ҳәм салы,*
*Байлықларға толы елсең Кегейли.*

*Арқада бурқырап ағар Ақтуба,*
*Қызлары шетинен гөззал ақ қуба,*
*Топырағы гәзийне,жери ушыға,*
*Журты, халқы абад елсең Кейгейли.*

Алпысбай Султанов.

**ТУЎЫЛҒАН ЖЕР**
**(Мойнаққа)**

*Толқын ентерилсе жағаңа қандай,*
*Мен де асығаман өзиңе сондай,*
*Бирақ мен қайтпайман толқындай келип,*
*Сениң дийдарыңа мийирим қанбай.*

*Сенде тәлим алдым бала шағымнан,*
*Билим миййаларын үздим бағыңнан,*
*Алые мәнзиллерге қанат қомлаған,*
*Мен бир темир қанат палапаиыңман.*

Алпысбай Султанов.

***Арал элегиясы***

*Дәрья суўсыз десе, болмай қарарым,*
*Қумлы жағысыңнан көкке қарадым,*
*Бәрше тениз, океаннан өзгеше,*
*Ата мәкан -тек озиңсең барарым,*
*Анам киби сақый, әзиз Аралым!*
***Нақыраты:***
*Жәннет яңлы барше көли-гиясы,*
*Сан мың қус мәканы-алтын уясы,*
*Орта Азияның Венециясы,*
*Тикле қәўметиңди қәлби жаралым,*
*Жәбиркеш, биихазар әзиз Аралым!*

*Мисли ақ қуўлардай алтын гүздеги,*
*Қайда қатарласқан кеме дизбеги,*
*Шуўылды жоқ, асаў ақбас толқын жок,*
*Дуйым журтка әпсана боп тарадың,*
*Суўың сениң қайда кетти Аралым....?*

## *АРАЛЫМНЫҢ ЖИГЕР-ТӘНИСЕҢ МОЙНАҚ*

*Еспе қумларыңда өскенмен ойнап,*
*Суўыңда жүзгенмен тереңге бойлап,*
*Көзлериме ысық туўылған жерим,*
*Киндик қаным тамған мәканым Мойнақ*
*Н а қ ы р а т ы:*
*Аралымның жигер тәнисең Мойнақ,*
*Нефрть пенен газдиң кәнисең Мойнак,*
*Мәрт балықшы, шарўа мәканы өзиң,*
*Кең саҳраның сулыў сәнисең Мойнақ.*

*Туўған жер көркине бармекен тоймаң,*
*Сағынып,сарғайып, жүрермен ойлап,*
*Анам келин,әкем күйеў болған жер,-*
*Меҳрийбаным, әзиз шәҳәрим Мойнақ.*
*Н а қ ы р а т ы*

## *ТОҚМАҚ АТА*

*Бендениң әжедге жоқдур шарасы,*
*Жасаў деген қас қағым ўақ арасы,*
*Өмир ҳәм өлимниң сек шегарасы,*
*Тоқмақ ата, Тоқмақ ата, Тоқмақ ата.*

*Ата-анам, туўысқаңым жатқан жер,*
*Күн-түни қараңғы,қуяш батқан жер,*
*Көзлерден жас булақ киби атқан жер,*
*Тоқмақ ата, Тоқмақ ата, Тоқмақ ата.*

*Алла Таала ағла күш берип маған,*
*Сениң хүрметиде таярлап тағам,*
*Марҳумларды еслеп, келдим мен саған,*
*Тоқмақ ата, Тоқмақ ата, Тоқмақ ата.*

*Реҳим әйлеп, перзентиңди қоллай көр,*
*Узаң өмир, мол несийбе жоллай көр,*
*Ендиликте қәбиристан болмай көр,*
*Тоқмақ ата, Тоқмақ ата, Тоқмақ ата.*

## ***ҒӘРЕЗСИЗЛИК ҚОСЫҚЛАРЫ.***
## ***(дүрким)***

*ҒӘРЕЗСИЗЛИК-БУЛ АЛТЫН ДӘЎРАН.*

*Инсан кеўиллерин қуўанышқа бөлеп,*
*Келди шадлы ғәрезсизлик байрамы,*
*Елим еркин өмир гүзарын қәлеп,*
*Ўатаным әжайып гүлдей жайнады.*
*НАҚЫРАТЫ*
*Ғәрезсизлик- бул мениң бахтым,*
*Ғәрезсизлик- бул алтын тахтым,*
*Ғәрезсизлик- бул ағла әрман,*
*Ғәрезсизлик- бул алтын дәўран.*

*Уллы әрман,нийет, мәксет жолында,*
*Журтым келешекке қәдем урады,*
*Еркин жасаў елим-халқым қолында,*
*Мустақиллик-бизге мәнги турады.*
*НАҚЫРАТЫ*
*Ғәрезсизлик- бул мениң бахтым,*
*Ғәрезсизлик- бул алтын тахтым,*
*Ғәрезсизлик- бул ағла әрман,*
*Ғәрезсизлик- бул алтын дәўран.*

### ***БИЙҒӘРЕЗ БОСТАН.***
*Мудамы тутқаны тынышлық жолы,*
*Халқы шын миймандос,көксинде қолы,*
*Қай жерге барсаң да дәетурхан толы,*
*Жаса Өзбекстан-бийғәрез бостан.*

*Ҳар күни таңлары аппақ боп атар,*
*Босиклерде бийғам бөбеклер жатар,*
*Зәўлим жайлар кунде бой тяклер қатар,*
*Жаса Өзбекстан-бийғәрез бостан.*

*Бунда хальқлар бәрҳә дослықта жасар,*
*Көўиллер қуўаныштан дәрья боп тасар,*
*Пахта қырманлары таўлардан асар,*

*Жаса Өзбекстан-бийғәрез бостан.*

*Бул үлкениң мәңги ашык, аспаны,*
*Халқының әзелден ортак, дәстаны,*
*Гүлленбекте Қарақалпақстаны,*
*Жаса Өзбекстан-бийғәрез бостан.*

# Group “KARAKALPAK Life.Ru.”



**Алпысбай Султанов.**

## *ӨЗБЕКСТАНЫМ.*

***Дүньяға жайылған уллы саўлатын,,***
***Куншығыста жулдыз болған елатым,***
***Жәҳән мойынлаған, ҳүрметли атың,***
***Гүлленген диярым, әзиз бостаным,***
***Мәңги жаса мениң Өзбекстаным.***

***Әлемде не болса сеннен табылар,***
***Шырайыңды көрген жанлар сағынар,***
***Топырағық тотыя, ҳәмме табынар,***
***Гүлленген диярым, әзиз бостаным,***
***Мәңги жаса мениң Өзбекстаным.***

***Жериң толы байлықлардың кәнисең,***
***Туран ойпатының келбет сәнисең,***
***Бийик пәруаз, ушқыр сөзге мәнисең,***
***Гүлленген диярым, әзиз бостаным,***
***Мәңги жаса мениң Өзбекстаным.***

***Бабам өмир сүрген әйемги мәкан,***
***Табысыңа бүгин таң қалар жәхән .***
***Мустақил мәмлекет, бәлендур бахаң,***
***Гүлленген диярым әзиз бостан ,***
***Тойларың мүбәрек Өзбекстаным.***

***ӨЗБЕКСТАНЫМ.***

*Дүньяға жайылған уллы саўлатын,,*
*Куншығыста жулдыз болған елатым,*
*Жәҳән мойынлаған, ҳүрметли атың,*
*Гүлленген диярым, әзиз бостаным,*
*Мәңги жаса мениң Өзбекстаным.*

*Әлемде не болса сеннен табылар,*
*Шырайыңды көрген жанлар сағынар,*
*Топырағық тотыя, ҳәмме табынар,*
*Гүлленген диярым, әзиз бостаным,*
*Мәңги жаса мениң Өзбекстаным.*

*Жериң толы байлықлардың кәнисең,*
*Туран ойпатының келбет сәнисең,*
*Бийик пәруаз, ушқыр сөзге мәнисең,*
*Гүлленген диярым, әзиз бостаным,*
*Мәңги жаса мениң Өзбекстаным.*

*Бабам өмир сүрген әйемги мәкан,*
*Табысыңа бүгин таң қалар жәхән .*
*Мустақил мәмлекет, бәлендур бахаң,*
*Гүлленген диярым әзиз бостаны ,*
*Тойларың мүбәрек Өзбекстаным.*



**Алпысбай Султанов.**

# *ӨЗБЕКСТАН.*

***Мустақил, гүллекген дияр,***
***Кең әлем қәлбиңе сыяр,***
***Наўайы жырлаған дәстан-***
***Өзбекстан, Өзбекстан.***

***Туранның алтын бесиги,***
***Шығыстың уллы есиги,***
***Жәннетий мәкан-гүлистан,***
***Өзбекстан, Өзбекстан.***

***Алланың нәзери түскен,***
***Жылна мың дақыл писken,***
***Топырағы ғазийне бостан,***
***Өзбекстан, Өзбекстан.***

***Не керек табылар бәри,***
***Журт басы - ел мәдаткары,***
***Әлемде сен ашың аспан-***
***Өзбекстан, Өзбекстан.***

**ӨЗБЕКСТАН.**

*Мустақил, гүллекген дияр,*
*Кең әлем қәлбиңе сыяр,*
*Наўайы жырлаған дәстан-*
*Өзбекстан, Өзбекстан.*

*Туранның алтын бесиги,*
*Шығыстың уллы есиги,*
*Жәннетий мәкан-гүлистан,*
*Өзбекстан, Өзбекстан.*

*Алланың нәзери түскен,*
*Жылна мың дақыл пискен,*
*Топырағы ғазийие бостан,*
*Өзбекстан, Өзбекстан.*

*Не керек табылар бәри,*
*Журт басы — ел мәдаткары,*
*Әлемде сен ашың аспан-*
*Өзбекстан, Өзбекстан.*

# Group “KARAKALPAK Life.Ru.”



**Алпысбай Султанов.**

***ӨЗБЕКСТАН УЛЛЫ ЎАТАНЫМ МЕНИҢ***

***Бағлары мийўалы бир жәннет яңлы,***
***Халқы тынышлықта қарсы алар таңды,***
***Мустақиллик алып ығбалы жанды,***
***Жайна, жасна гөззал мәканым мениң,***
***Өзбекстан уллы ўатаным мениң.***

***Ислам әлеминде Нағышбанд бабам,***
***Хийўа, Бухарасы бул уллы - Кәбам,***
***Ташкентим шығыста шамшырақ қалам,***
***Жайна, жасна гөззал мәканым мениң,***
***Өзбекстан уллы ўатаным мениң.***

***Беруний,Улығбек, Ҳәким Улықпан,***
***Уллы Әмир Темур шыққан хылықтан,***
***Ҳәзирет Наўайыдан сабақ алыппан,***
***Қарақалпақстан гөззал мәкәным мениң,***
***Өзбекстан уллы ўатаным мениң.***

***Ассалам Ташкенттиң үлкени-жасы,***
***Ассалам Президент, буюк юрт башы,***
***Ассалам халайық - көзим қарасы,***
***Жайна, жасна гөззал мәканым мениң,***
***Өзбекстан уллы ўатаным мениң.***

***ӨЗБЕКСТАН УЛЛЫ ЎАТАНЫМ МЕНИҢ***

*Бағлары миййалы бир жәннет яңлы,*
*Халқы тынышлықта қарсы алар таңды,*
*Мустақиллик алып ығбалы жанды,*
*Жайна, жасна гөззал мәканым мениң,*
*Өзбекстан уллы ўатаным мениң.*

*Ислам әleминде Нағышбанд бабам,*
*Хийўа, Бухарасы бул уллы — Кәбам,*
*Ташкентим шығыста шамшырақ қалам,*
*Жайна, жасна гөззал мәканым мениң,*
*Өзбекстан уллы ўатаным мениң.*

*Беруний, Улығбек, Ҳәким Улықпан,*
*Уллы Әмир Темур шыққан хылықтан,*
*Ҳәзирет Наўайыдан сабақ алыппан,*
*Қарақалпақстан гөззал мәкәным мениң,*
*Өзбекстан уллы ўатаным мениң.*

*Ассалам Ташкенттиң үлкени-жасы,*
*Ассалам Президент, буюк юрт башы,*
*Ассалам халайық — көзим қарасы,*
*Жайна, жасна гөззал мәканым мениң,*
*Өзбекстан уллы ўатаным мениң.*

# Group "KARAKALPAK Life.Ru."




*КЕЛ, НАЎРЫЗЫМ*

*Мустақил кең пайтахт мениң елиме,*
*Шексиз саҳраларға, тоға,көлиме,*
*Гүл көгерткен баба дийхан жерине,*
*Хош келдиң Жаңа жыл - Наўрыз байрамы.*
*Н а қ ы р а т ы:*
*Кел Наўрызым, аппақ ашық аспанға,*
*Кел Наўрызым гүл жайнаған бостанға,*
*Кел Наўрызым, сазға, қосық-дәстанға,*
*Кел Наўрызым, гөззал Өзбекстанға.*

*Иске таяр бәрҳа үлкени-жасы,*
*Кл ғамында жүрер мудам юрт башы,*
*Бәҳәр паслы-мәўсимлердиң ағласы,*
*Хош келдиң Жаңа жыл - Наўрыз байрамы.*
*Н а қ ы р а т ы:*
*Кел Наўрызым, аппақ ашық аспанға,*
*Кел Наўрызым гүл жайнаған бостанға,*
*Кел Наўрызым, сазға, ңосық-дәстанға,*
*Кел Наўрызым, гөззал Өзбекстанға.*

## *КЕЛ, НАЎРЫЗЫМ*

*Мустақил кең пайтахт мениң елиме,*
*Шексиз саҳраларға, тоғай көлиме,*
*Гүл көгерткен баба дийхан жерине,*
*Хош келдиң Жаңа жыл — Наўрыз байрамы.*
*Н а қ ы р а т ы:*
*Кел Наўрызым, аппақ ашық аспанға,*
*Кел Наўрызым гүл жайнағак бостанға,*
*Кел Наўрызым, сазға, қосық-дәстанға,*
*Кел Наўрызым, гөззал Өзбекстанға.*

*Иске таяр бәрҳа үлкени-жасы,*
*Кл ғамында жүрер мудам юрт башы,*
*Бәҳәр паслы-мәўсимлердиң ағласы,*
*Хош келдиң Жаңа жыл — Наўрыз байрамы.*
*Н а қ ы р а т ы:*
*Кел Наўрызым, аппақ ашық аспанға,*
*Кел Наўрызым гүл жайнағак бостанға,*
*Кел Наўрызым, сазға, ңосық-дәстанға,*
*Кел Наўрызым, гөззал Өзбекстанға.*

# *АРНАЎ ҚОСЫҚЛАРЫ*

## *Алпысбай Султанов.*

### *ЗИЙЎАРДЫ ЕСЛЕЎ*

*(Әжинияз шайырдың торқалы тойы*
*мүнәсибети менен)*
*Қарақалпақ елиниң серхош бүлбили,*
*Тулпарлар ишинде ағла дүлдили,*
*Қәдимий Туранньщ саҳрайы гүли,*
*Тойларың мүбәрек Әжинияз баба.*

*Сен халқыңның мудам муңын тыңладың,*
*Жаў келгенде бозторғай боп шырладың,*
*Сазға салып «Бозатаў»ды жырладың,*
*Халқымның, зибаны Әжинияз баба.*

*Шериятта минсиз хызметлер еттиң,*
*Ашықлық дәстанын қалдырып кеттиң,*
*Бул пәний дүньядан әрманлы өттиң,*

*Басыңды бир көтер Әжинияз баба.*

*Мәканың гүлленип Боз отаў болып,*
*Еле Жәйхун ағар, Аралың толып,*
*Көллериңкен үйрек ушып, ғаз қонып,*
*Ел Зийўарын еслер Әжинияз баба.*

*Билим дәргайына исмиң қойылды,*
*Атың—алтын, мәрмер тасқа ойылды,*
*Жәҳән көрип қәдди-қәўмет бойыңды,*
*Той-тойға уласар Әжинияз баба.*

*Қарақалпаңта бир зиялы бар десе,*
*Шайырлық султаны—муңлы тар дәсе,*
*Халқы ушын даңқ.-абырой.ар десе,*
*Биз сени еслеймиз Әжинияз баба.*



***БЕЛГИЛИ ФИЛОСОФ, ОЙШЫЛ ДАНЫШПАН***
***(Академик Жуманазар Базарбаевқа)***

*Жүйрик тулпар шаршамаған шабыстан,*
*Аппаң шашың ағараңлар алыстан,*
*Қутлы болсын академик дәрежең,*
*Белгили философ,ойшыл данышпан.*

*Айыра билдиң жаңсы менен жаманды,*
*Илим гүзарында көрдиң шамаңды,*
*Бүгинлиги пүткил дүнья оқыйды,*
*Жеңгем менен жазған «Әдепнама»ңды.*

*Институт тикленди—алтын босаға,*
*Миллионларға болып руўхый саға,*
*Ел-халық ушын уллы хызметиңизге,*
*Президентимиз ырза Жуманазар аға.*

*Қызың —судья,ул балларың илимпаз,*
*Аклықларың бола бергей билимпаз,*
*Өзиңдей пидайы инсан адамға,*
*Қанша ҳүрмет-иззет қылса болар аз.*

*Арал бойларынан шыққан азамат,*
*Бул не деген ақыл ҳәм де кәрамат,*
*Философ болып, академик атандың,*
*Бахтымызға мудам жасаң саламат.*

*Кимлерди тартпаған бул үйдиң дузы,*
*Бийкеси болған сон, Дәўлеттиң қызы,*
*Табыслар Сизге де мүбәрек болсын,*
*Шын илҳәм периси-кишем Қырмызы*

***ИНСАН***
***( Марҳум, ҳажы Бекберген аға Аллабергеновқа )***

*Күш-қуўатты Алла Тааладан алған,*
*Жаңсы пазылетлер мийрас боп қалған,*
*Өмиринде сөйлеп көрмеген жалған,*
*Сиз инсан едиңиз Бекберген аға.*

*Ҳадис, аңыл-нәсият сөзлерин терген,*
*Перзент ушын жүрек меҳирин берген,*
*Мекке, Мединаны, Каабаны көрген,*
*Сиз ҳажы едиңиз Бекберген аға.*

*Сайрам, Арысланбапта түнеген түнлер,*
*Яссаўий бабаға зиярат күнлер,*
*Куранды оқыған Сиздеги үнлер.*
*Ҳасла ядтан шьщпае Бекберген аға.*

*Халық ушын бәрҳама хызмет еттиңиз,*
*Уллы мурат-мақсетлерге жеттиңиз,*
*Әттең арамыздан ерте кеттиңиз,*
*Топырағы торңа Бекберген аға.*

*Берекетли еди алтын босағаң,*
*Фархад, Зият, Мурат, Медет жасаған,*
*Қызың Лола, Саодат, зайыбьщ саған,*
*Мудамы миннетдар Бекберген аға*
.
*Перзентлериң беккем усласып қолды,*
*Даўам етти өзиң баслаған жолды,*
*Еккен нәлиң—шынар, Байтерек болды,*
*Әрманың жоң шығар Бекберген аға.*

*Сизди еслеп өтмиш таман қайтамыз,*
*Бүгин Сизге көп алғыслар айтамыз,*
*Үлгили ислери әпсана-аңыз,*
*Дүньяға бир келген Бекберген аға.*

## *СЕН НАМАНЫҢ ЫШҚЫНДА КҮЙДИҢ*

*(Композитор Қәдир Ҳилаловқа)*

*Көлдиң сәни ак, қуў менен ғаз болар,*
*Сахна сәни қосық пенен саз болар,*
*Халқың саған әдил баҳасын берди,*
*Сени мың мақтасақ еле аз болар.*

*Сен гейде умытып тәшүиишн үйдиң,*
*Күн-түни наманың ышқында күйдиң,*

*Ҳәтте театрда түнеп түнлерде,*
*Қәстерлел кәсибиңди жаныңдай сүйдиң.*

*Сөни гүналаған мың сөзлер жалған,*
*Нама сениң мәңги қәлбиңде ңалған.*
*Жүрегиңе йошлы ырғақты қуйып,*
*Корқыт ата сени ядына алған.*

*Қара табан қарақалпақ баласы,*
*Өмир екен ғой бул абырой таласы,*
*Сен биймезгил бул дуньяны тәрк етип,*
*Қара кийди пүткил Нөкис қаласы.*

*Клавиша басқан бармак,лар талды,*
*Аққан булад көзи батыл боп қалды,*
*Кеўил Сарайында енди үнсизлик,*
*Сени сум әжел өз баўрыңа алды.*

*Өлим ҳақдур, әжел тәғдирдиң иси,*
*Алда не боларын биле алмас киси,*
*Топырағың торқа болғай әзизим,*
*Бейиш болғай жатқан қәбириңниң иши.*

*КИНО ПИДАЙЫСЫ*
*(Талантлы кинорежиссер Төренияз Қәлимбетовқа )*

*Қаршадайдан сен киноны қәлединң,*
*Өз исиңе пухта, шаңқан бәле едиң,*
*Елиў жастың асқарына шықсаң да,*
*Жас жигитсең, қартаймадың еле дым.*

*Леятаға түспеген тема қалмады,*
*Режиссерлық истен қолың талмады,*
*Қарсақбаев Абдулланың шәкирти,*
*Сени бүгин мақтамасаң болмады.*

*Қайылсаң мийнетке,дүзде азыўға,*
*Кинолента менен қудық қазыўға,*
*Фильм пидайысы әй сары бала,*
*Гейде сөз жетпейди сени жазыўға.*

*Дуз-дәмек болғанбыз бирге ертеде,*

*Маған, саған керек емес мәртебе,*
*Талантыңды пүткил дүнья тән алар,*
*Кино әлеминде өзиң бир төбе.*

*Бүгин кеўил шағлап дәрьядай тассын,*
*Мақсет-мурадларың мудам иске ассын,*
*Қутлы болсын елиў жылдың асңары,*
*Мүбәрек тойларың тойға улассын.*




### ***ҚОСЫҚ ӘЛЕМИНИҢ СЕН БАЙТЕРЕГИ***

*( Халық артисти Байрам Матчановқа)*

*Туўылғансаң алп болып анадан,*
*Сулайман ўатаны — Қоңырат қаладан-*
*Қосық пенен сен сахнаға шыққанда,*
*Қол шаппатлап, дур силкинген аламан.*
*«Мениң жигит ўақтым, сениң қыз ўақтың»,-*
*Деп не бир перийлерди ышқыңда жақтың,*
*Сөйтип жүрип, «дуз несийбе» деген дә!*
*Гөззал Альбинадан бахтыңды таптың.*

*Ташкент, Қазан, Уфа. Махачқалада,*
*Билер сени жас өспирим бала да,*
*Жийен болып туўылғансан, бизлерге,*
*Тегиң ҳасыл, анаң—уллы дана дә!*

*Бул табыстың неде екен дереги!*
*Болмай қалды мақтаўдын, ҳеш кереги,*
*Ҳаўазыңды пүткил дүнья тыңлайды,*
*Қосық әлеминиң сен Байтереги!*

*Ески мәкан-қарақалпақ елинде,*
*Қосықлар айтылар еле берин де,*
*Ал сен –муҳаббаттың мәңги жыршысы,*
*Жигит боп турасаң сахна төриде!*

*Алпысбай Султанов.*
***Сағынаман.***
*Бир көриўден ашық болдым,*
*қарап қара көзлерине,*
*Ақылым әптен алып кеттиң,*
*бийхуш етип сөзлерин,*
*Баўырыңа басып турып,*
*мойыныма қолың салдың,*
*Тәрийп етип муҳаббатты,*
*бир әжайып ырғақ шалдың.*

*Бирақ кейин ушырасыўға,*
*өзиң хасла келмей кеттиң,*
*Телмирип мен қала бердим,*
*иләжсыздан жаслар төктим,*
*Себеп жаным сени шексиз сүйгенлигим,*
*ырас еди,*
*Жүрекгенем сен деп соғып,*
*ҳаллас урып тынбас еди.*

*Ырастан ақ исенип-ем,*
*сениң шийрин сөзлериңе,*
*Енди билсем, дус келипсең,*
*сүйип қалар гезлериме,*
*Болар ислер болып кетти,*
*өткенге ҳеш налынбайман,*
*Есигиңди қағып барып,*
*көп қамсығып жалынбайман.*

*Гейбиреўлер муҳаббатты қайта,*
*айланбас елес дей ди,*
*Ол ҳеш ўақыт жыл қусындай,*
*қайта айланып келмес дейди,*
*Бирақ өзим исенбеймен,*

*бир тәңирге табынаман,*
*Келбетиңди еслеп мудам,*
*жалғыз сени сағынаман.*




***Алпысбай Султанов.***
***Гөззалым***
***(З...ға)***

*Жүрегимди бунша неге,*
*қыйнадың, гөззалым.*
*Өзге бир қушаққа сени,*
*қыйнадың, гөззалым.*
*Ышкы азабында қалдырдың мени,*
*Хижран отларында жандырдың мени,*
*Зары-гирян болдым, сағындым сени.*

***Нақыраты***

*Ярым жолда мени таслап,*
*кеттиң, гөззалым,*
*Көзлеримди мениң жаслап,*
*кеттиң, гөззалым,*

*Сени ойлау менен күнлерим өтер,*
*Ақшам көз илдирмей түнлерим өтер,*
*Бир сени един мени бахытлы етер.*

*Жүрегимди мәңгиликке,*
*бийлеп алдың, гөззалым,*
*Өмир бойы умытылмас,*
*дәртке салдың, гөззалым,*
*Ахыу-зарман, жолларыңа қарарман,*
*Сени излеп мәжнүн талға барарман,*
*Сағынышым, иске аспаған әрман.*

***Нақыраты***

*Ярым жолда мени таслап,*
*кеттиң, гөззалым,*
*Көзлеримди мениң жаслап,*
*кеттиң, гөззалым,*
*Сени ойлау менен күнлерим өтер,*
*Ақшам көз илдирмей түнлерим өтер,*
*Бир сени един мени бахытлы етер.*

*《Яр ышкы 》*

*Танда тауыс киби таранган дилбар,*
*Мыйык тартыуында не деген сыр бар,*
*Карамык козиннен шашылган нурлар,*
*Сени бир кориуге интизар етти.*

*Сен кетип кеуилим каныраn калды,*
*Айралык жанымды хасиретке салды,*
*Излериннен карап козлерим талды,*
*Шексиз кен жахан бул тар болып кетти.*

*Сен меннен алыслап кетип барарсан,*
*Назлы тик журесен сулыу оралсан,*
*Кейниннен телмирип узак карасам,*
*Кумай козлерине жас толып кетти,*
*Келгениннин ози куаныш еди,*
*Касымда болганын жубаныш еди,*
*Ал кеткенин болса бир налыш еди,*
*Ярым ышкын мени акузар етти.*
*Сози: Алпысбай Султанов*
*Музыкасы: Кадир Хилалов*



## Алпысбай Султанов. - БАЛДЫЗЛАР...

**ТОЙ ҚОСЫҚЛАРЫ**
**БАЛДЫЗЛАР**

*Сулыўлықтың бәрин жәмлеп денеге,*
*Жигитлерди исендирип бәнеге,*
*Узатылмай жүре бересиз неге,*
*Дым қартайып қалдыңыз ғой балдызлар.*

*Автобаздан бир автобус алдырып,*
*Сылтаў таўып жумысты да қалдырып,*
*Куда болып бир қошқарды шалдырып,*
*Қуўғыншы боп барар един балдызлар.*

*Жүресизлер шоқ кийинип доланып,*
*Нешше түрли бояў алып бояныл,*
*Жигитлердиң сезимлери оянып,*
*Жолларыңда пидә болды балдызлар.*

*Көп ишинен биз аяймыз сизлерди,*
*Көздиң жаўын алған анаў дизлерди,*
*Аса кетип умытпаңыз бизлерди,*
*Аўылымыздың сәни сулыў балдызлар.*

*Қатарларың қашан балалы болды,*
*Сизлер жүргенде ақ бир силтеп қолды,*
*Үй ишиниң сабыр кәсасы толды,*
*Енди қашан кетесизлер  балдызлар.*

*Сизлер кетпегели дәметип жүрмиз,*
*Арақ ишиуди де кем етип жүрмиз,*
*Қартайғанларымыз ем етип жүрмиз,*
*Бир қыя бағар деп бизге балдызлар.*

*Қыз бала дегениң елдиң сәни ғой,*
*Ал Нөкисим нашарлардың кәни ғой,*
*Хәзил айтсам, кетсин деген мәни ғой,*
*Түбинде бахытлы болың балдызлар.*




***Алпысбай Султанов***
***Жездежен***
*(Балдызлар косығына балдызларының жуўабы)*

*Журесең-ау жер танабын қуўырып.*
*Қыз коринсе алапаға жуўырып.*
*Ақыр соңы кете жазлап куўылып.*
*Шаңарақта зорға қалған жездежан.*

*Тутлығып сөйлейсең сонша буўылып.*

*Алғанбедин "ақмәмбетке" жууўынып.*
*Ернин кеўип, аўзың әптен уўылып.*
*Келисип қалыпсаң жүдә жездежан.*

*Үстиңе кийгениң мынаў шекпен бе.*
*Тартып көрсем жыртылмай ма, беккем бе.*
*Муқыятлап бехасамнан тиккенбе.*
*Түйе басты етейик пе, жездежан.*

*Негедур есиңди нашар алыпты.*
*Жыллар жүзлерине жыйрық салыпты.*
*Тек өзгермей қызыл тилин қалыпты.*
*Баяғы жүрисин қайда жездежан.*

***Алпысбай Султанов***

***Бажалар***

*Нашар минезлерин бастан уйренип.*
*Апалы синлиге алган уйленип.*
*Енди торкин журтка келер суйрелип.*
*Найилаж, козаба кулип бажалар.*

*Той мереке болса бар сенин пайын.*
*Женгейлер акелер тослерин тайын.*
*Бир-бирин кориуден баскыга кайым.*
*Далкеклеспей кеули кешпес бажалар.*

*Ауылга барсаныз жуда колайлы.*
*Катын-калаш бари сизди талайды.*
*Бойдак журген балдызларын молайды.*
*Узатып той жейик кане бажалар.*

*Тойларда жазылар дизимнин басы.*
*Хаммеден кобиси, ауыры-тасы.*
*Касында салланалар зор калем-кашы.*
*Даулетиниз таса берсин бажалар.*